*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 36 (7354) РУЗМАН 29 сентябрь 2023 сон

12+

## Аппараталъулаб совещаниялда

Щибаб анкьалъ шамат кьоялъ тIобитIулеб иргадулаб аппараталъулаб совещание ана администрациялъул отделазул начальникалги учреждениязул нухмалъулелги гIахьаллъун.

Хал гьаруна хIалтIул планалда рихьизарун рукIарал тIадкъаял тIуразариялъул ва бицана гIагараб заманалда гьаризе цере чIарал масъалабазул.

Данделъиялда гIенеккана лъай кьеялъул бутIаялда, культураялда, спорталда, библиотекаялъул гIуцIиялда, росдал магIишаталда, СМИялъул хIалтIул, гьединго налогал ракIариялъул ва миллиял проектазул программаби



гIумруялде рахинариялъул бугеб ахIвал-хIалалда хурхун.

Бицана райцентралда рищни-къул бакIариялъе субботник гьабизе букIиналъулги.

КIвар кьуна лъай кьеялъул учреждениязда цIалул процесс унеб бугеб куцалде, лъазабуна цIалдохъабазе гьенир тIахьал гIураб къадаралда рукIинаризе ккеялъул, гьединго гьоркьоб лъуна хасалил заманалде хинлъи чIезабизе хIадуризе ккеялъул суалал.

Совещаниялъул ахиралда хIасил гьабуна гьоркьор лъун рукIарал суалазул ва тIадал идарабазул нухмалъулезе кьуна дандрекьон ккколел тIадкъаял.



## Нухмалъулез гьабулеб хIалтIул хIисаб кьуна

Райадминистрациялъул данделъабазул залалда планалда рекъон тIобитIана совещание. Гьелда гIахьаллъи




гьабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, гьесул заместитель МухIамад ГIумаровас, администрациялъул отделазул начальниказ ва районалъул учреждениязул нухмалъулез.

Данделъаразе саламги кьун, МухIидин МухIамадовас бицана повесткаялда ругел суалазул ва кIвар кьезе ккарал масъалабазул.

2022 соналъул сентябралдаса 2023 соналъул сентябралде щвезегIан росабазул захIматчагIазе ва хасал гражданазул категориялъе гьарурал социалиял кумеказул бицана «Чародинский район» МОялъул ГКУ РД УСЗНалъул директорасул ишал тIуразарулев Салимхан ГIумаровас.

Гьесул рагIабазда рекъон ГКУ РД УСЗНалъул аслиял масъалаби кколел руго социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул бутIабазул пачалихьияб политика халкъалъухъе щвезаби ва пачалихьияб гарантиялда рекъон социалияб рахъалъ гIадамал цIуни.

«УСЗНалъ тIубазабулеб буго пачалихъалъ гражданазе рихьизарурал пособиял, лъимал ругезе, политикиял репрессиялде ккаразе, тылалда хIалтIаразе ва захIматалъул ветераназе, гьединго хасал гIадамазе гIумру гьабулел рукъзабазухъ ва коммуналиял хъулухъазухъ кьезелъун рихьизарурал гIарцул сурсатал щвезариялъул суалал.

Штаталъулаб расписаниялда рекъон захIматчагIи социалияб рахъалъ цIуниялъул Управлениялда хIалтIулев вуго кинавниги 11 хIалтIухъан. ХIисаб кьеялъул заманалда УСЗНалъул учеталда вуго 2598 чи, гьездаго гьоркьор руго социалияб рахъалъ кумек гьабиялъе ихтияр бугел гражданалги, жаниб гIумру гьабулел рукъзабазухъ ва коммуналиял хъулухъазухъ законалда рекъон мухь кьезе бегьулел гIадамал ккола 1602 чи. Гьезиеги щибаб моцIалда кьолеб мухь данде кколедухъ хисхисизабулеб буго», - ян абуна Салимхан ГIумаровас.

2023 соналъул 9 моцIалда жаниб гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна ДРялъул МЮялъул ЗАГСалъул управлениялъул ЧIарада районалда бугеб отделалъул бетIерай специалист ГIайшат Халиловалъ.

«ХIисаб кьеялъул заманалда хьвай-хьвагIай гьабун буго кинабниги 309 граждан




назул актазул, гьездаса лъимер гьабиялъул – 109, ригьин цIаялъул – 24, ригьин хвезабиялъул – 31, хвелалъул – 62, эменлъи чIезабиялъул – 21, хиса-баси гьабуразул – 37, киналниги юридическияб кIвараналъул суалазда хурхарал ишазул – 650. БакIарун буго 179 750 гъурущ пошлина.

Лъалеб букIахъе, 2018 соналъул октябралда нахъе бахъана росабазул поселениязул актазул хьвай-хьвагIай гьабизе букIараб ихтияр. Хадуб гьабуна конвертация (кагътазул архив электронияб базалде боси). Киналго тарихал рукIине ккoлеб къагIидаялда базалде жанире ун гьечIо. Гьедин бугониги, нижеда кIвана цебе лъураб масъала тIубазабизе. Программа цIакъ лъикIаб буго, жеги лъикIаб букIина тIубанго тIад хIалтIи гьабун лъугIараб мехалда», - ян лъазабуна ГIайшат Халиловалъ.

Хадуб 2022 соналда гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна ЧIарада районалда бугеб ДРялъул ГБУ ЦСОНалъул директор Хизрибег Хизрибеговас.

КIалъазе вахъарасул бихьизабиялда рекъон гьабсагIаталда учреждениялда хIалтIизабулеб буго рукъзабахъе ун херал чагIазе ва ин




валидазе социалияб хъулухъ гьабулеб 2 отделение.

Рукъзабахъе ун хъулухъ гьабулеб буго 52 чияс (гьездаса социалиял хIалтIухъаби – 44, отделениязул заведующиял – 2, специалистал – 4 ва 1 психолог).

«2022 соналда цо социалияв хIалтIухъанасде тIаде ккана 9-ялде гIагарун чиясе хъулухъ гьабизе. Рукъзабазухъе хьвадун социалияб хъулухъ гьабиялъ гьорлъе бачун буго районалъул 19 росу. ЛъагIалил байбихьудаса нахъе кинавниги 498 чиясе хъулухъ гьабун буго, гьездаса херал чагIазе – 373, инвалидазе – 125, рукъзабахъе ун кинабниги 112 344 социалияб хъулухъ гьабун буго.

«Гьабураб хIалтIул хал гьабизе ва захIматчагIазул тIалабал лъазаризе ниж замамаманалдаса щола росабалъе. Гьедин гьанжелъизегIан хал гьабун буго 256 чиясул рукъзабахъеги ун. Социалияб цIех-рех гьабулаго бакIазда хъулухъ гьабиялда хурхун киналгIаги разилъунгутIиял ругищали лъазаруна. Гьел загьирлъичIо, амма баркалаби щвана.

2022 соналда хъулухъ гьабун буго кинабниги 131 хьизаназе. ТIоритIун руго 13




цадахъал рейдал, 5 нухалъ ун руго СОПалъул хьизамазухъе, 5 нухалъ гIахьаллъун руго санаде рахинчIездехун хIалтIаби гьарулел комиссиябазул данделъабазда. Централда хIалтIулеб буго мобильнияб бригада, гьезги 59 сапар бухьана районалъул

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

**УЧАСТКОВАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ**

с. Шалиб № 17

*от 11 сентября 2023 г.*

# РЕШЕНИЕ

**Об определении результатов дополнительных выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Шалиб»**

На основании данных итогового протокола участковой избирательной комиссии № 1813 (УИК № 1813) с полномочиями избирательной комиссии муниципального образования «село Шалиб» по единому мажоритарному избирательному округу и в соответствии с п. 1 ст. 81 Закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» УИК № 1813 **решила:**

1. Утвердить итоговый протокол УИК №1813 о результатах выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Шалиб».

2. Признать дополнительные выборы 10 сентября 2023 года депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Шалиб» состоявшимися и действительными.

3. Объявить избранными депутатами Собрания депутатов муниципального образования «село Шалиб»

1. Алиев Камил Гаджимурадович
2. Гасанов Мурад Харусович
3. Салимов Салим Шамилович.

4. Данное решение опубликовать в районной газете «Чарада».

***Председатель***
***Э.С. МАММАДАЕВА***

# Нухмалъулез гьабулеб хIалтIул хIисаб кьуна

***(Байбихьи 1-аб. гьумералда)***

росабалъе. Хал гьабун буго рукIа-рахъиналъул шартIазул ва материалияб ахIвал-хIалалъул 290 чиясе. Гьедин гьабураб хъулухъ бахун буго



640-ялде ва материалияб хъулухъ гьабун буго 34 кумек хIажатасе», - ян лъазабуна Хизрибег Хизрибеговас.

«Чародинский район» МОялъул муниципалияб архиваль ишазул бетIерав специалист МухIамад Къадировас бицана 2023 соналъул араб 9 моцIалда гьабураб хIалтIул.

«ХIисаб кьеялъул заманалда фондалда ккечIо хисабаси. Жакъасеб къоялда архивалда буго тIад хIалтIаби гьарурал 50 фонд, тIаде жураял ва хисизарияд гьарун руго гьезул карточкабазда. Руго фондазул ва реестразул цIидаса хIадурарал списокал ва 139 хIисаб гьабиялъул сияхI. ЭПКялъ тасдикъ гьарурал хIалтIул страховиял описал рукъун руго батIа-батIаго. Описазул гIуцIун руго переводниял таблицаби. Хасал чагIазул жиндирго документал архивалда цIунуларо», - ян баян гьабуна специалистас.

2023 соналъул 1 сентябралде архивалда цIунун буго 8552 дело, гьез гьорлъе бачун буго 30 организация: 6 – республикаялъулаб; 23 – муниципалияб; 1 – кооперативияб. Архив цIунизе бегьулел учреждениязул дандбай буго ДРялъул МЮялъул ЭПКялъул делабазул номенклатураялдехун, гIуцIун буго экспертнияб комиссия, ЭКялъул хIакъалъулъ учреждениязул ва организациязул нухмалъулез тасдикъ гьабураб положениеги. Гьел документазул копиял цIунун руго фондалъул хал кквеялъулал делабазда гьоркьор. ХIисаб кьеялъул заманалда хал гьабун буго 77 запросалъул, гьезда рекъон кьун буго 77 архивалъулаб справка. Киналго справкаби тIуразарун руго 2-ялдаса 10 къоялде щвезегIан.



# Воспитателасул къо кIодо гьабуна

27 сентябралда Россиялда щибаб соналъ кIодо гьабула ясли-ахазда хIалтIулезул къо.

Эбел-инсуда хадур лъималазда дандчIвалел ва гьезие бичIчIи кьолел чагIи ккола ясли-ахазул хIалтIухъаби.

ЧIарада районалъул «Радуга» лъималазул ахалда



аваданго тIобитIана воспитателазе сайгъат гьабураб тадбир. Баркиялъул кIалъайгун коллективалда цее яхъана ахалъул заведующая Муъминат МуртазгIалиева. Гьелъ цадахъ хIалтIулезе гьаруна лъикIал насихIатал ва гьарана щулияб сахлъи, халатаб гIумру, талихI ва лъималазда аскIоб кутакаб сабру.

«Как здорово, что в календаре есть такая праздничная дата!» абураб ахIиялда гьоркъ рагьана байрамалъулаб тадбир музрук Роза ИсмагIиловалъ. Гьелъ бицана воспитателазул кIвар бугеб хIалтIул, дандчIвалел захIмалъабазул лъималаздехун хIалтIулаго гьабизе кколеб сабруялъул.

Хадур чIахIиял группабазул лъимал цере рахъана кьурдабигун, рикIкIана ва ахIана тарбиячагIазе гьарурал кучIдул.

ГьитIичазе гIуцIун рукIана музыкалиял викторинаби. Гьез рохун жавабал кьуна. Лъималазда гIемераб пайдаяб цIияб жо лъана. Ахиралда гьитIичазги чIахIиязги гьабуна гIаммаб кьурди – лезгинка.

ГIахIаллъарал разиго хутIана аваданго ва гIуцIараб къагIидаялда тIобитIараб тадбиралдаса.




# Участковиязул хIисаб кьеял




5-25 октябралда ЧIарада районалъул захIматчагIазе хIисаб кьезе буго Россиялъул ОМВДялъул ЧIарада районалда бугеб отделалъул участкаялъулал уполномоченияз, жидеда хадур щулат гьарурал участказда 2023 соналда гьарурал хIалтIабазул.

Дандеяьиязда гIахьаллъи гьабизе буго ОМВДялъул начальник – полициялъул подполковник МусахIажи Саламовас, ОУУП и ПДНалъул начальник – полициялъул капитан МухIамад Рамазановас ва росабазул поселениязул бутIруз.

ЗахIматчагIаз гьезие кьезе бегьула бокьараб суал полициялъул хIалтIуда хурхараб, общественнияб гIадлунизам цIуниялда сверухъ жидерго пикраби загьир гьарурал предложениялги ва ОМВДялъул хIалтIи лъикI гьабиялъе ругел цогидалги суалал.

**ГРАФИК**
**отчетов перед населением на обслуживаемых административных участках УУП ОМВД России по Чародинскому району о проделанной работе за 2023 год**

| № УПП ФИО УУП | | Дата проведения | Время проведения | № участка | Место проведения | Ответственный от руководства территориального органа МВД России | Отметка о проведении. Наличие протокола |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 1 | Нурмагомедов Патах Рамазанович | 05.10. 2023г. | 11ч. 00 мин. | №2 | с. Гочоб. СДК | Нач. ОМВД Нач. ОУУПиПДН | |
| 2 | Джабраилов Шамиль Ибрагимович | 07.10. 2023г. | 14ч. 00 мин. | №5 | с. Ириб. СДК | Нач. ОМВД Нач. ОУУПиПДН | |
| 3 | Шарипов Магомедхан Ильясович | 10.10. 2023г. | 13ч. 00 мин. | №6 | с. Гилиб. СДК | Нач. ОМВД Нач. ОУУПиПДН | |
| 4 | Увайсов Омар Ахмедович | 13.10. 2023г. | 10ч. 00 мин. | №3 | с. Магар. СДК | Нач. ОМВД Нач. ОУУПиПДН | |
| 5 | Мирзаев Шамиль Рамазанович | 17.10. 2023г. | 11 ч. 00 мин. | №4 | с. Дусрах. СДК | Нач. ОМВД Нач. ОУУПиПДН | |
| 6 | Магомедов Магомед Абдулсаламович | 24.10. 2023г. | 11ч. 00 мин. | №7 | с.Тлярош. СДК | Нач. ОМВД Нач. ОУУПиПДН | |
| 7 | Ахмедов Жахбар Махаевич | 25.10. 2023г. | 11ч. 00 мин. | №1 | с. Цуриб. СДК | Нач. ОМВД Нач. ОУУПиПДН | |

# В какие дни начисляют детские пособия?




Для большинства детских пособий и иных мер соцподдержки по линии Соцфонда России введены единые дни выплаты.

3-го числа каждого месяца родителям почти 545 тысяч детей в Дагестане на счета поступают:

- единое пособие на детей до 17 лет и беременным женщинам;
- пособие по уходу за ребенком до 1,5 лет неработающим родителям;
- выплата в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка до 3-х лет;
- ежемесячные выплаты на ребенка военнослужащих; ▫
- пособие на детей от 8 до 17 лет (тем семьям, кто получает данное пособие до истечения срока, на который оно установлено).

5 число каждого месяца – единый день доставки ежемесячной выплаты из средств материнского капитала через банки. Сумма выплаты составляет 13 тысяч 066 рублей, это величина прожиточного минимума на ребёнка в регионе. Всего получателями этой выплаты в Дагестане является 717 мамочек.

8 августа - единый день перечисления пособия по уходу за ребенком до полутора лет для работающих родителей.

В большинстве случаев данную выплату получает мама, но по действующему законодательству вместо нее может получать отец ребенка или другие родственники.

Размер этого пособия составляет 40% среднего заработка его получателя. Как и в случае с декретными, учитывается средний заработок за два года, предшествующих году отпуска по уходу за ребенком.

Те дагестанцы, кому перечисленные выплаты производятся почтовыми отделениями, получают их в соответствии с графиком, утвержденным Почтой России.

Выплата приходит в новом месяце за предыдущий, то есть в сентябре – за август. Деньги перечисляют в течение всего дня, поэтому, если вы не получили их утром, просто подождите. Когда дата выплаты приходится на выходной, её переносят на ближайший рабочий день накануне. По вопросам зачисления средств на счета гражданам необходимо обращаться в «свой» банк.

ОГИБДД ОМВД по Чародинскому району информирует:

# Обзорность

В части детализации видов нарушений обзорности транспортного средства в новом Перечне по сравнению с ранее применявшимся изменений не произошло. Положение, согласно которому




эксплуатация автомобиля запрещается в случае, если на его лобовое стекло установлены предметы, ограничивающие обзорность, кроме зеркал заднего вида, деталей стеклоочистителей, наружных и нанесенных или встроенных в стекла радиоантенн, нагревательных элементов устройств размораживания и осушения ветрового стекла применялось и прежде. Запрета на использование видеорегистратора, если указанное техническое средство не мешает обзорности, оно в себя не включает.

Кроме того, вступившим в силу Перечнем неисправностей установлены дополнительные требования к автобусам, в том числе запрет на их эксплуатацию при наличии сквозной коррозии и разрушения пола в салоне, а также требования к специальным и специализированным транспортным средствам (таким как автоэвакуаторы, автоцистерны для перевозки опасных грузов, автомобили коммунального хозяйства и др.).

При этом ряд ранее существовавших требований, которые непосредственно не влияют на вероятность совершения ДТП, теперь исключены из Перечня. Так, с 1 сентября отсутствие медицинской аптечки, огнетушителя и знака аварийной остановки не является основанием для запрещения эксплуатации транспортного средства и привлечения водителя к административной ответственности.

Следует отметить, что запрет эксплуатации автомобиля в случае наличия у него неисправностей из Перечня не подразумевает под собой полный запрет движения. Так, согласно пункту 2.3.1 Правил дорожного движения при возникновении в пути неисправностей, с которыми запрещена эксплуатация транспортных средств, водитель должен устранить их, а если это невозможно, то он может следовать к месту стоянки или ремонта с соблюдением необходимых мер предосторожности.

Исключение - это неисправности рабочей тормозной системы, рулевого управления, сцепного устройства (в составе автопоезда), не горящие (отсутствующие) фары и задние габаритные огни в темное время суток или в условиях недостаточной видимости, недействующий со стороны водителя стеклоочиститель во время дождя или снегопада. В указанных случаях движение транспортного средства до их устранения запрещено.

Также теперь конкретизированы и способы выявления неисправностей автотранспорта (визуальный контроль или с обязательным использованием средств технического диагностирования).

МВД России обращается к представителям СМИ с убедительной просьбой при подготовке публикаций на данную тему тщательно проверять полученные сведения, не допуская распространения недостоверной и некорректной информации, вводящей в заблуждение многомиллионную аудиторию.

*Начальник ОМВД России по Чародинскому району*
***М.С. САЛАМОВ***

# Управлением Россельхознадзора по Республике Дагестан в сентябре обнаружено более 169 тонн зараженной растениеводческой продукции

Управлением Россельхознадзора по Республике Дагестан с начала сентября 2023 года проконтролирован ввоз 9540 тонн свежих овощей и фруктов. В зону ответственности Управления по месту доставки на СВХ «Виадук» из Азербайджанской Республики, Исламской Республики Иран и Турецкой Республики поступило 1203,8 тонн овощей и 8337,1 тонн фруктов.




В 12 товарных партиях растениеводческой продукции в количестве 169,4 тонн были обнаружены 3 вида карантинных вредных объектов.

Заключениями Дагестанского филиала ФГБУ «ВНИИКР» подтвердились факты выявления западного (калифорнийского) цветочного трипса, восточной плодожорки, вируса и повилики.

По факту нарушения Федерального закона от 21.07.2014 № 206 — ФЗ «О карантине растений» владельцы грузов привлечены к административной ответственности по ст. 10.2 КоАП РФ «Нарушение правил ввоза и вывоза подкарантинной продукции».

В целях защиты территории РФ от заноса особо опасных карантинных объектов с участниками ВЭД проведена разъяснительная работа по недопущению нарушений Международных требований.

***И.Г. ГАШИМОВ,***
*начальник отдела Управления Россельхознадзора по РД*

# Уважаемые налогоплательщики, Межрайонная ИФНС России №10 по Республике Дагестан обращает ваше внимание, что 1 декабря 2023 года наступают сроки уплаты гражданами налога на имущество физических лиц транспортного и земельного налогов за 2022 год

Заплатить имущественные налоги (налог на имущество физ. лиц, земельный и транспортный налог) необходимо не позднее 1 декабря 2023 г. уведомления будут направлены налогоплательщикам не позднее 30 рабочих дней до наступления срока платежа.

Обращаем ваше внимание, что перечень льготных категорий налогоплательщиков остался прежним. При этом льготы будут предоставляться в отношении одного объекта недвижимого имущества каждого вида, который должен быть выбран самим налогоплательщиком.

Напоминаем, что в случае неуплаты налогов в установленный срок должникам начисляются пени и применяются меры принудительного взыскания. Информацию о задолженности так же можно узнать, подключившись к интернет – сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц», расположенному на сайте ФНС России (www.nalog.ru) или через Единый портал государственных услуг (www.gosuslugi.ru).

Для получения логина и пароля к сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» налогоплательщику необходимо лично обратиться в любую ИФНС России независимо от места постановки на учет с документом, удостоверяющим личность, и свидетельством о постановке на учет физического лица (ИНН). С помощью данного сервиса Вы сможете контролировать свое состояние расчетов с бюджетом, а также оплачивать имущественные платежи.

МРИ ФНС России № 10 по РД призывает граждан проявить гражданскую сознательность уплатить имущественные налоги в срок и в полном объеме, поскольку поступление от уплаты указанных налогов формируют бюджет нашего района, республики и страны в целом и являются основой социального и экономического развития нашей страны, а именно содержание школ, детских садов, больниц, дорог, благоустройство парков, детских площадок и т.п.

Выражаем искреннюю надежду, что обязанность своевременно платить налоги станет нашей цивилизованной привычкой.

# ХIажиев ГIабдулатIип Юсупович



ГIумруялъул сонал 88-ялде гIагарлъулаго нилъедаса ватIалъана тарихиял гIелмабазул кандидат, ДАССРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, РФялъул журналистазул ва хъвадарухъабазул Союзалъул член **ХIажиев ГIабдулатIип Юсупович**.

ГIабдулатIип ХIажиев гьавуна 1935 соналъул 18 маялда ЧIарада районалъул Хьинуб росулъ. Гьенибго лъугIизабуна байбихьул школа. Хадув цIализе лъугьана мадугьалихъ бугеб ГIириб росдал тIубачIеб гьоркьохъеб школалде, хадув Гъуниб педучилище лъугIизабигун вачIана гIагараб школалде мугIалимлъун хIалтIизе.

Цинги ана тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе Советияб Армиялде. Гьеб лъугIигун цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталде. Гьенивго вищана ДГУялъул комсомолалъул комитеталъул секретарьлъун.

ЗахIматалъул нух ГIабдулатIип ХIажиевас байбихьана ВЛКСМалъул Дагъистаналъул обкомалъул МахIачхъала шагьаралъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIиялдаса. Хадув витIана Казбек райкомалъул КПССалде. 1972 соналдаса 1984 соналде щвезегIан вукIана ДАССРалъул культураялъул министрлъун.

ХIалтIана ГIабдулатIип Юсупович СССРалъул гIелмабазул Академиялъул Дагъистаналда бугеб ИИЯЛ филиалалда кIудияв гIелмияв хIалтIухъанлъун, нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул министрабазул Советалъул къватIисел экономикияб УД отделалъе. Гьединго хIалтIана ДРялда бугеб «Северный Кавказ» Ассоциациялъул директорлъун.

Жиндирго ракIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло ГIабдулатIип Юсупович мустахIикълъана ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ орденалъе, ХIурматияб грамоталъе. Гьес хъвана 20-ялдаса цIикIкIараб тIехь ва брошюраби, гьедигIанаселго гIелмиял макъалабиги.

Районалъул нухмалъулез ва районалда гIумру гьабулез гьаваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго ГIабдулатIип Юсуповичасул хъизаналда, гIагарал ва божаразда. Гьесда хурхун хинал ракIалде щвеял кидаго цIунун хутIизе руго ракьцоязул ва цадахъ хIалтIаразул ракIазулъ.

# Асфальталъул гохIал лъуна



ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ АхIмад ГIабдулмажидовасул къватIалда рекъезаруна кIиго асфальталъул гохI.

Гьел лъуна гьенир гIумру гьабулел гIадамаз «Чародинский район» МОялда бугеб ГИБДДялъул начальник Ибрагьим КъурамухIамадовасде гIарз бахъун хадуб. Гьеб къватIахъ асфальт лъуралдаса шоферзабаз байбихьана цIикIкIараб хехлъиялда машинаби рачине, гьеб кинго биччазе бегьулеб жо гуро гIемер рукъзал ругел минабазда аскIоб.

Гьанже лъимал хIазе ва самокатазда рекIун хьвадиялъе хIинкъи гьечIого бегьулеб хIал лъугьана.

# Райцентралда субботник

ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ тIобитIана ирга-дулаб субботник.

Гьелда гIахьаллъи гьабуна районалъул ва росабазул администрациязул гьединго учреждениязул нухмалъулез ва хIалтIухъабаз, гьездаго цадахъ ЦIуриб росулъ гIумру гьабулел ракI-бухIи бугел гIадамазги.

Щибаб коллективалъ жидерго минабазда сверухъ бакIал ва жидеда хадур щулат гьарурал къватIалгун майданал рацIцIад гьаруна рищникъулалдаса.

Субботникалъул гIахьалчагIаз ракIарана пакетал, ракъварал гIаркьалаби, зазихарал хъархъал, рищни-къул, лъухъун рацIцIад гьаруна эхеде раязда ругел балъаби. Гьениб хIалтIана къайи баччулеб техника ва кинабго бакIарараб рищни-къул хехаб къагIидаялда баччун щвезабуна хасаб бакIалде.

Цадахъаб захIматалъул хIасилалда райцентр лъугьана бацIцIадаблъун ва берцинаблъун.



# ЦБСалда цIиял тIахьал

Нацпроекталда рекъон районалъул библиотекаялъе щун буго цIияб литература – 157894,74 гъурущалъул багьа бугеб кинабниги 454 тIехь.

Щибаб тIехь жиндирго цIалдолесухъе щвезабиялъе данде гьарулеб ва баян кьолеб отделалъ кIудияб хIалтIи гьабуна. Гьеб ккола тIахьал цIалулездехун гарачIвари гьабиги тIахьазул фондалъул бугеб ахIвалхIалалъул мониторинг гьабиги. ЦIиял тIахьазда гьоркьоб цIикIкIарасеб бутIа буго чIахIиязе ва лъималазе художественнияб литератураялъул. Гьелги хъван руго батIи-батIиял жанразда. Детективал, романтика, классика, гьанжесел авторазулги тIахьал, къватIисел ва нилъерго пачалихъазул литература – гьел киналго руго цIиял тIахьазда гьоркьор.

ТIахьал данде гьариялъул отделалъул хIалтIухъаналъ хал гьабуна счет-фактураялда рекъон цIиял тIахьал рачIун ругищали. Хадуб букIине буго ЦБСалъул киналго филиалазде гьел рикьиялъул хIалтIи.

«ТIахьал цIалиялъ нужее кумек гьабизе буго сверухъ бугеб дунял ва нужго лъаялъе». *(Паоло Коэльо).*




# *Авар кицаби ва абиял*

- Балъго рахь босани, тIатун къинлъула.
- Балъгояб тIатIиялдаса, тIатараб гьоэр бокьила.
- Балъда нахъа хIалихьат, хIарччда нахъа багьадур.
- Басрияб гордида цIияб къвал гъуни, къоролалъе гьебги гъвел буго.
- Басрияб наккдалъа цIияб бугIа бахъуге.
- Басрияб цIулалъул цIияб гьалдибер; ЦIияй бахIаралъул херав бахIарав.
- Бархъалисес хъабида гIоркь бокьаралъуб гьола.
- Барщараб пихьалъе дару – кванай.
- Барщарасе кьей гьечIеб, кьижарасе тей гьечIеб. (Гъузарасе кьоларо – кьижарасе толаро).
- Барщидал квинчIеб гIеч, гIодобе бортун турула.
- Бассарун кверaлдаса кванан эбел бергьана. Ххенон гьобоялдаса гьанщун лъимал бергьана.
- Батараб гьабе, гьабураб кванай.
- Батаралъуб батараб гьабе.
- Бахилав чиясулгун гьудуллъи гьабуни, бищун дуе къваригIараб бакIалда живго гIодов чIола.
- Бахьараб бералда хьат чIван щибилеб.
- Бахъунареб бакIалде туманкI къвагьуге.
- Бахъунареб щцин букIунареб, холареб ракI букIунареб.
- Бахьинаб надалдаса гьоко богIол цIоларо. Халатаб гарбидаса къвал харил бахъуларо.
- БахIарав чи рогIокълъугеги, херав чи канлъукълъугеги.
- БахIарго херлъугеги, херлъун хьарсинлъугеги.
- БахIарчиясул къайи буго чучаб бутI гIадаб жо.
- БахIарчиясул кIиго рачел буго, цоябниги чучани чилъи холеб.
- БахIарчиясдаса хIинкъуге, хIалихьатав гьудуласдаса цIуне.
- Бацизе кIолареб кIалтIуги рагьуге, бичизе кIолареб гарацIги баге.
- БацI бихьараб хIама хIохьокьаги хIинкъулеб.
- БацI унтуе кьижулеб, кьалуе борчIулеб.
- БацI хIинкъизе хIамица гIундул кIорокIулел.

ЧIАРАДА
БетIерай редактор
Земфира МухIамадова
Жавабияв секретарь
Къасум Чахиев
ГьитIинай редактор
Манарша Расулова
Корреспондент
ПатIимат Ражабова
Набор - Ираисат МухIамадгIалиева
Редактор-стилист
Аминат ГIабдурахIманова

Газета гIуцIарал:
«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
Учредитель:
Администрация муниципального образования «Чародинский район»

Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда
Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.
Заказ №____

Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ.
Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5
Тираж 1000

Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз

Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*